saka(n)dar boeh harega.
saturun ti manggung ranjang,
- 215 garudag di tengah imah,
garedog di balik panto,
kareket ni(n)cak taraje,
ulang panapak ka lemah,
kalangkang ngabiantara,
- 220 reujeung deung dayeuhanana.
Seah na lemah katincak,
eu(n)deur na Ratu Bancana
ngeunakeun tuang kalangkang.
Cab ruy tapih meubeut keuneung,
- 225 ngeureut ka na bitis koneng,
ngahusir ka lamin ading.
U(ng)gah tohaan ka manggung,
deuuk teoheun palangka,
na seupaheun dia(ng)seukeun. /4v/
- 230 Saur a(m)buing sakini:
'Anaking, nu mucang onam!'
Saurna Ameng Layaran:
'A(m)bu aing sadu mucang'.
I(ng)keun mangka o(ng)koh mucang.
- 235 Carekeun si Jo(m)pong Larang.
Saturun ti kadatuan,
ngalalar caroge ageung,
nyangla(n)deuh ka Pancawara,
mukakeun pa(n)to kowari,
- 240 ngalalar ka Pakeun Dora.
Leu(m)pang aing nyangwetankeun,
meu(n)tas di Cipanangkilan.
Sacu(n)duk ka Pakeun Teluk,
- 245 sadatang ka Pakancilan,
mukakeun panto kowari.
Dingaran si Jo(m)pong Larang,
nyoreang ka lamin ading.
Carekna si Jo(m)pong Larang:
'Duh, ameng [ta] ti mana eta?'
- 250 Ameng ta datang ti wetan,
sakaen poleng puranteng,
sasali(m)but sulam Baluk,
sasa(m)pay sut(e)ra Cina,
sapecut hoe walatung,
- 255 dige(m)peng-ge(m)peng ku omas,
jojo(m)pongna made / to(ng)gong.
/5r/
Teher lu(ng)guh di pala(ng)ka,
sila tumpang deung sideuha,
ngagigirkeun karas tulis,
- 260 teher nyeupah lumageday.'
Dingaran si (Jom)pong Larang,
na bogoh han-io kapalang,
diilikan dibudian,
dideuleu diteuteuh-teuteuh,
- 265 ti manggung dikaha(n)dapkeun,
ti ha(n)dap dikamanggungkeun.
Bogoh ku na pangawakan:
giling bitis pa(n)cuh geulang,
tareros na tuang ramo,
- 270 para(n)jang na tuang ta(ng)gay,
be(n)tik halis sikar dahi,
suruy hu(n)tu be(n)tik tungtung,
sumaray dadu ku seupah.
Dingaran si Jo(m)pong Larang,
- 275 gupuh sigug ga(m)pang kaeur,
leu(m)pang bitan gajar Jawa.
Sadatang ka kadatuan,
tohaan kaso(n)dong ngeu(y)euk,
eukeur ngeuyeuk eukeur meubeur,
- 280 eukeur nyulage mihane,
neuleum nuar nyangkuduan,
ngaracet ka(n)teh pamulu.
Tohaan / na Ajung Larang
/ 5v / Sakean Kilat Bancana,
- 285 ngaleke ebreh na cangkeng,
cugenang tuang pinareup.
Teherna lu(ng)guh di kasur,
ngagigirkeun ebum Cina,
ebum Cina diparada,
- 290 pamuat ti alas peu(n)tas.
Tohaan Ajung Larang
nyoreang ti jokjok panon,
ngadeuleu sali(ng)ger beuheung,

- katuluyan deuleu teuteuh.
- 295 'Itu ta eugeun si Jo(m)pong!
Na naha eta bejana?
Mana geura-geura teuing?'
Dingaran si Jo(m)pong Larang,
cat-cat gek deujuk di lemah.
- 300 Saur taan Ajung Larang:
'Jo(m)pong naha beja sia?
Mana sinarieun teuing?'
Dingaran si Jo(m)pong Larang,
umun sadekung ka manggung,
- 305 beres ngaburang ku ramo.
Carekna si Jorong Lo(m)pong:
'Taan urang Ajung Larang
Sakean Kilat Bancana,
ra(m)pes teuing jeueung aing,
- 310 latara teuing nu kasep. /6r/
Inya kasep inya pelag,
keur meujeuh pasieupan deung
taan urang Ajung Larang.'
Saur taan Ajung Larang:
- 315 'Jo(m)pong saha ngaranna?'
Sanembal si Jo(m)pong Larang:
'Samapun ngaranna Ameng Layaran.
Latara teuing na kasep,
kasep manan Banyak Catra,
- 320 leuwih manan Silih Wangi,
liwat ti tuang ponakan.
Agenngna se(ng)serang panon,
[keur meujeuh] pauc-pauceun
di a(n)jung,
timang-timangeun di ranjang,
- 325 tepok-tepokeun di kobong,
edek-edেকেun di rengkeng.
Teher bisa carek Jawa,
w(e)ruh di na eusi tangtu,
lapat di tata pustaka,
- 330 w(e)ruh di darma pitutur,
bisa di sanghiang darma.' /0/
Saa(ng)geus kapupulihan
taan urang Ajung Larang
Sakean Kilat Bancana
- 335 tuluy minger tuang hi/dep. /6v/
Na rasa kalejon bogoh,
na rasa karejay hayang.
Na heuyeuk tuluy ditu(n)da,
diparac apus dada(m)par,
- 340 loglog caor ti na to(ng)gong,
diri hapit ti na pingping,
kedalan diri ti da(m)pal.
Neut na(n)jeur ngajuga hangsa.
- Saasup sia ka bumi,
- 345 nyi(ng)kabkeun kasang carita.
Eu(n)deur na rarawis kasang,
kumare(n)cang kumare(n)cang,
m(ng)gang ka na papan ja(n)ten.
Bogoh ku na ngaran kasang,
- 350 kasang tujuh kali nyi(ng)kab,
kasang seni ta(m)bi lungsir,
kasang pahang ta(m)bi laka,
bedong dita(m)bi baya(m)bon,
balang dita(m)bi kaca(m)bang.
- 355 Sau(ng)gah ka manggung ra(n)jang,
gapay na karas larangan,
dicokot na pasileman
[pasileman pasiboteng],
digapay seureuh heuseunan.
Tohaan tuluy nu ne(k)tek,
- 360 nu ne(k)tek / meunang salawe,
/7r/ nu mauc meunang sapuluh,
[ms. muuc]
ngaga(n)tul meunang dalapan.
Ditalian ra(m)bu tapih,
diletengan leteng karang,
- 365 leteng karang ti Karawang,
leteng susuh ti Malayu,
pamuat aki puhawang.
Dipinangan pinang tiwi,
pinang tiwi ngubu *cai*,
- 370 pinang ading asri kuning,
keur meujeuh pateumu angen.
Dipasi nu kalakatri,
pasi leupas jadi dua,
pasi gantung jadi teulu,
- 375 pasi remek jadi genep.
Dihanceng di pasileman,
ra(m)pes na beunang ngahanceng,
dituruban saratangan.
A(n)ten leuwih ti sakitu:
- 380 didulur ku pupur kapur,
candana ruum sacupu,
bunga resa di na juha,
dedes deungeun majakane,
jaksi deungeun kamisadi,
- 385 jaksi pa(n)dan deung kamenyan,
dua buah ca(ng)ci lenga,
diteunyuh ku aer mawar,
narawastu agur-agur,
bubura peu(n)tas sa/gala. /7v/
- 390 Aya liwat ti sakitu:
digapay na ebal ageung,
dicokot na boeh limur,

- dicokot na sabuk wayang,
keris malela sapucuk,
395 awaya sareana(na?),
pahi deungeun buah reu(m)beuy.
Saur taan Ajung Larang:
'Jo(m)pong sia pulang deui,
ini bawa pa(ngi)riming,
400 bawa ma ka tuang a(m)bu.
Ci(ng) kurang na picarekeun:
"Seupaheun pananya tineung,
ti na taan Ajung Larang
Sakean Kilat Bancana.
405 Lamun puguh katanggapan,
tohaan majar ka luar,
majar nu datang ku manten.'
Dingaran si Jompong Larang,
saa(ng)geus katalatahan,
410 saleu(m)pang ti kadatuan,
leu(m)pangna sasuhun ebum,
teher nanggeuy pasileman,
tehema saais boeh.
Ngalalar caroge ageung,
415 nyanglandeuh ka Pancawara,
mu/kakeunpa(n)to kowari,
/8r/ ngalalar ka Pakeun Dora,
leu(m)pang aing nyangwetankeun,
meu(n)tas di Cipakancilan.
420 Sacu(n)duk ka Pakeun Teluk,
sadatang ka Pakancilan,
mukakeun pa(n)to kowari.
Dingaran si Jo(m)pong Larang,
ngahusir ka tepas bumi.
425 Tohaan kaso(n)dong lu(ng)guh
[di kasur].
Nyoreang sali(ng)ger beuheung,
katuluyan deuleu teuteuh.
Saurna na tuang (am)bu:
'Itu ta eugeun si Jo(m)pong!
430 Na naha eta bejana?
Ruana sasuhun ebum,
teher na(ng)geuy pasileman.'
Saur tohaan sakini:
'Jo(m)pong ra(m)pes deuukanan,
435 geura nu u(ng)gah ka manggung!'
Sau(ng)gah si Jo(m)pong Larang,
na seupaheun diangseukeun.
Saur tohaan sakini:
'Jo(m)pong, naha beja sia,
440 mawakeun aing seupaheun?'
Sane(m)bal si Jompong Larang,
beres ngaburang ku ramo/
umun / teher sia nyebut, /8v/
ne(m)balan sakayogyana:
445 'Sangtabe namasiwaya!
Pun kami titahan taan [ti kadatuan],
taan urang Ajung Larang,
Sakean Kilat Bancana,
seupaheun pananya tineung.
450 Lamun puguh katanggapan,
Tohaan majar ka luar,
majar nu datang ku ma(n)ten.'
Saurna (na) tuang a(m)bu:
Keun aing nanya si utun'. // 0 //
455 "Saur a(m)buing sakini:
'Rakaki Bujangga Manik,
rakean Ameng Layaran,
utun, kita ditanyaan,
ditanyaan ku tohaan,
460 ku na taan Ajung Larang
Sakean Kilat Bancana.
£ta seupaheun di imah,
bawa si Jo(m)pong bihini,
ti dalem ti na tohaan.
465 Seupaheun diwela-wela,
dihanceng di pasileman,
dituruban saratangan,
ra(m)pes na beunang ngahaceng.
/ /9r/
Naha ngaran(n)a ku ha(n)teu?
470 Ga(n)tal tu(ng)gal ga(n)tal Jawa,
tektek batri nyare-nyare,
batri nyela batri nyelu,
batri ngagiling di pingping,
batri mauc di hareugu,
475 dianggeuskeun di pinareup,
ditalian ra(m)bu tapih,
panalina boncah laki,
pakeun berejakah hayang,
tektek siratu manggae,
480 mo mere moma kadaek;
ga(n)tal siratu manglayang,
mo mere moma kahayang;
batri ngarakit-palidkeun,
[ms.-raket-]
batri no(ng)tong-silo(ka?)keun,
485 beunang nyila-batarakeun,
tektek kasih pala kasih,
jurung-jarang kapur si(n)jang,
sekar agung pala bukan,
lulu(ng?)kut deung kadal meteng,
490 ratu ga(n)tal di Pakuan,
pinang tiwi pinang ading,

- pinang tiwi ngubu cai,
batri nyeungceum di kasturi,
kapur Barus di na cupu,
495 bunga resa di najuha, /9v/
dedes deungeun majakane,
jaksi deungeun kamisadi,
dikukup ratna ko(m)balah,
dua buah ca(ng)ci lenga,
500 diteunyah ku aer mawar,
narawastu agur-agur,
bubura peu(n)tas sagala.
Seupaheun bawa si Jo(m)pong,
era deungeun pikaeneun,
505 pikaeneun buah reumbeuy,
seupaheun pananya tineung,
ti dalem ti na tohaan.
Anaking, haja lancanan,
karunya ku na tohaan.
510 Lamun kita majar daek,
aya leuwih ti sakitu,
pangirim ti na tohaan.
A(n)ten limur pikaeneun,
sabuk wayang na pakeeun,
515 keris malela soreneun.
Lamun kita majar daek,
a(n)ten leuwih ti sakitu:
dikiriman sesebutan,
kapur Barus ta(m)ba geuruk,
520 batri nyeu(ng)ceum di cipinang,
dibalunan ku hasiwung,
ngaran(n)a rakit candana.
A/naking, mulah mo sebut, / 10r /
karunya ku na tohaan.
525 Lamun kita majar daek,
a(n)ten liwat ti sakitu.
Tohaan majar ka luar,
majar nu datang ku ma(n)ten.
Baruk carekna tohaan:
530 "Lamuning datang ka luar,
aing dek mikeun awaking,
dek nya(m)ber bitan na heulang,
ngarontok bitan na meong,
menta ditanggapan jalir."
535 Anaking, haja lancanan,
karunya ku na tohaan.
Sugan sia hamo nyaho,
tohaan geulis warangan,
ra(m)pes rua ra(m)pes tuah,
540 teher geulis u(n)dahagi,
hapitan karawalea,
buuk ragi hideung teuleum,
- (ms. cuuk)
ceta hamo diajaran.
Na geulis bawa ngajadi,
545 na e(n)dah sabot ti pangpang,
ha(n)teu papahianana.' / 0 /
Sane(m)bal na berejakah:
'Euh a(m)bu, kumenep teuing!
Lamun di/turut carekeng, / 10v/
550 dara barang pati(ng)timkeun,
eta na carek larangan.
Sugan hamo kaawakan.
Leu(m)pang bawa pulang deui,
leu(m)pang reujeung deung
si Jo(m)pong,
555 ka dalem ka na tohaan.
Seupaheun ta bawa deui,
buah reumbeuy bawa deui,
piburateun pihiseun,
eta bawa pulang deui.
560 Pikaeneun pisabukeun,
kalawan keris malela,
leu(m)pang bawa pulang deui.
Eta carek sesebutan,
carek cangkrim na tohaan,
565 aing nyebutan ngaran(n)a.
Carek di na rakit sakit.
Carekna di na candana
tohaan sakit salama.
Carekna di na dpinang
570 eta cimata tohaan.
Carekna di na hasiwung
leuleus awakna tohaan,
balas mitineung awaking,
sakit mu(ng)ku dilancanan.
575 Heman ku beunanging bakti,
ku talatah nu mitutur,
ta / latah mahapandita. /11r/
Lamun diturut carekeng,
leu(m)pang bawa pulang deui,
580 leu(m)pang reujeung deung
si Jo(m)pong,
ka dalem ka na tohaan.
Datang ma kita ka dalem,
mulah salah bawa beja,
pihalang rerekan aing,
585 a(ng)kul-a(ng)kulkeun ku carek,
ma(ng)ka cita sa(m)bat wala,
samodana ka tohaan.
A(m)bu, picarekeun kita:
Aja rang, si utun mumul."
590 Palias pista nodea,

- ha(n)teu acan kapiteuneung,
me(n)ding hayang berejakah.
Deung deui, kakara cu(n)duk
ti gunung,
kakara datang ti wetan,
595 cu(n)duk ti gunung Damalung,
datangna ti Pam(e)rihan,
datang ti lurah pajaran,
asak beunang ng[w]ajar warah,
600 asak beunang maca siksa,
pageuh beunang maleh pateh,
tuhu beunang nu mitutur,
asak beunang pangguruan.
Ma(ng)kaing diri deung jugi,
[ms. mangkuing]
mana leu(m)pang deung tet6ga,
605 nurut deungeun dewaguru,
pa(n)dita deung nu pu/rusa. /11v/
Wageuyeng ameng sagala. / 0 /
Paeh aing hamo mangku(k)
aing di na dayeuh ini,
610 ja kitu tuah a(m)buing.
A(m)buing salah ngarambut,
ka pamunuhan (.....),
magahan jalan ka sema,
ngaliarkeun taleus gateul,
615 dek di urang cacab tapa,
ma(ng)mongbongkeun
mangutaskeun,
jalan ka na kapapaan.
A(m)bu, soreang beungeuting,
ku naha nya mana kitu?
620 Mo nili(k) na huis putih,
mo nyasar na awak tuha.
Salah pangajar ka boncah.
Ha(n)teu panggerahan aing,
teuteuing oge teuteuing!
625 Na urang anak pahatu,
na ura(ng) ha(n)teu dibapa,
aya dii(n)dung kasarung,
manghulukeun ku boboncaheun.
A(m)buing katarujangan,
630 teka geuyung ha(n)teu nyeupah,
weureu ha(n)teu ngingum tuak,
[ms. ngenum]
teka sasar ha(n)teu gering.
A(m)bu, ja mo kita edan,
manana ca(n)teng bahuleng.
635 Ho/rengnini[ng]ingteupantang,
/12r/
bihari basana nyiram.
- Horeng dihakankeun jantung,
horeng sawan jalalang,
horeng dihakankeun beu(n)teur,
640 dihakankeun lauk mijah.
Horeng manana sakitu.
A(m)buing karah sumanger.
paw(e)kas pajeueung beungeut,
a(m)bu kita deung awaking.
645 Sapoe ayeuna ini,
pajeueung beungeut deung aing.
Mo nyorang pacarek deui,
moma ti na pangi(m)pian,
pajeueung beungeut di bulan,
650 patempuh awak di [awak di] angin.'
Saa(ng)geus nyaur sakitu,
dicokot ka(m)pek karancang,
dieusian apus ageung,
dihurun deung Siksaguru.
655 Iteuk aing pancasirah,
sapecut hoe walatung.
'A(m)buing, tatanghi ti(ng)gal,
tarik-tarik dibuhaya,
dek leu(m)pang ka Balungbungan,
660 wetaneun Talaga Wurung,
di na tungtung lemah ini,
di tungtungna tebeh wetan,
nyiar / lemah pamasaran, / 12v /
nyiar tasik panghanyutan,
665 pigeusaneun aing paeh,
pigeusaneun nu(n)da raga.'
I(n)dit birit su(n)dah diri,
lugay sila su(n)dah leu(m)pang.
Sadiri ti geusan calik,
670 saturun ti tungtung swung,
galasar di panahtaran.
Sadiri ti salu panti,
samu(ng)kur ti walang sangha,
Mukakeun panto kowari.
675 Sadiri ti Pakancilan,
na U(m)bul Medang katukang,
Go(ng)gong na Umbul So(ng)gol
Samu(ng)kur ti Leuwi Nutug,
sadiri ti Mulah Malik,
680 eta jalan ka Pasagi,
na jalan ka Bala I(n)dra,
diri aing ti paniis.
Samu(ng)kur aing di Tubuy,
meu(n)tasing di Cihaliwung,
685 na(n)jak ka sanghiang Darah,
nepi ka Caringin Be(n)tik.
Sana(n)jak ka Bala Gajah,

- ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
na(n)jak aing ka Mayanggu,
690 ngalalar ka / Ka (n)dang Serang,
/13r/
na jalan ka Ratu Jaya.
ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
datang ka Kadu Kanaka,
695 meu(n)tas aing di Cileungsi,
nyangkidul ka gunung Gajah.
Sacu(n)duk ka bukit Caru,
sakakala tuhan Cupak,
nyangwetan ka-Citeurep-keun,
datang aing ka Tandangan,
670 meu(n)tas aing di Cihoe,
meu(n)tas aing di Ciwinten,
nepi aing ka Cigeuntis,
Sana(n)jak aing ka Goha,
sacu(n)duk aing ka Timbun,
675 sacu(n)duk ka bukit Timbun,
Datang aing ka Mandata,
meu(n)tas aing di Citarum,
ngalalar ka Ramanea,
Sanepi ka bukit se(m)pil,
680 ka to(ng)gongna bukit Bongkok,
sacu(n)duk ka bukit Cungcung,
na jajahan Saung Agung,
ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
leu(m)pang aing nyangwetankeun,
685 meu(n)tasing di Cilamaya,
meu(n)tas di Cipunagara,
lurah / Medang Kahiangana, /13v/
ngalalar ka To(m)po Omas,
meu(n)tas aing di Cimanuk,
ngalalar ka Pada Beunghar,
meu(n)tas di Cijeruk-manis,.
Ngalalar aing ka Conam,
ceremay a(ng)geus katukang,
ti(m)bang deungeun Hujung
Barang,
725 Kuningan Darma Pakuan,
pahi a(ng)geus kaleu(m)pangan.
Sacu(n)duk ka Luhur Agung,
meu(n)tasing di Cisinggarung.
Sadatang ka tungtung Su(n)da,
730 nepi ka Arega Jati,
sacu(n)duk ka Jalatunda,
sakakala Silih Wangi.
Samu(ng)kur aing ti inya,
meu(n)tasing di Cipamali,
735 ka kidul na gunung Agung,
ka kenca lurah Barebes.
- Ngalalar ka Medang Agung,
meu(n)tasing di Cibula(ng?)rang,
ngalalar ka gunung Larang,
740 dusuneun lurah Gebuhan,
ngalalar aing ka Sangka,
ka Sud ka Agi-Agi,
ka Moga Dana K(e)reta.
Samu(ng)kur aing ti inya,
745 meu(n)tas aing di Cicomal,
meu(n)tas di Cipakujati,
ngalalar / ing ka Sagara, /14r/
nepi aing ka Balingbing,
jajahan Arega Sela,
750 na Kupang deungeun na Batang.
Ka kenca na Pakalongan.
Sacu(n)duk aing ka Gerus,
na Tinep deung na Tumerep,
ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
755 datang ka lurah Tabuhan,
cu(n)duk ka Darma Tumulus,
ngalalar ka Kali Go(n)dang,
Sacu(n)duk ka Mano Hayu,
ngalalar ka Pajinaran,
760 nepi aing ka Panjalin.
Sacu(n)duk aing ka Se(m)bung,
ngalalar ka Paka(n)dangan.
Sadatang ka Padanara,
nu(n)juk gunung nyangkidulkeun:
765 itu ta na gunung Rahung,
ti kulonna gunung Diheng,
itu ta gunung Sundara,
itu ta na gunung Kedu,
ti kidul gunung Damalung,
770 inya na lurah Pantaran,
itu gunung Karungrungan,
sakakala na batara,
basa rnitineung batari.
Ti wetan bukit Marapi,
775 sakakala Darmadewa.
tnya lurah / Karangian. /14v/
Diri aing ti Danara,
datang aing ka Pidada.
Sadatang aing ka Jemas,
780 ka kenca jajahan Demak,
ti wetan na Welahulu.
Ngalalaring ka Pulutan,
datang ka Medang Kamulan.
Sacu(n)duk ka Rabut Jalu,
785 ngalalaring ka Larangan.
Sadatang aing ka Jempar,
meu(n)tasing di Ciwuluyu,

- 790 cu(n)duk ka lurah Gegelang,
ti kidul Medang Kamulan,
cu(n)duk ka Bangbarung Gunung.
Sadatang ka Jero Alas,
meu(n)tas di bagawan Cangku,
ngalalar aing ka Daha,
795 Samu(ng)kur aing ti inya,
sacu(n)duk aing ka Pujut,
meu(n)tas di Cironabaya,
ngalalar ka Rambut Merem.
Sacu(n)duk aing ka Wakul,
sadatang ka Pacelengan,
800 ngalalar aing ka Bubat,
cu(n)duk aing ka Mangu(n)tur,
ka buruan Majapahit,
ngalalar ka Dar/ma Anyar, /15r/
na Karang Kajramanaan,
805 ti kidulna Karang Jaka.
Sadatang ka Pali(n)tahan,
samu(ng)kur ti Majapahit,
na(n)jak ka gunung Pawitra,
rabut gunung Gajah Mu(ng)kur.
810 Ti ke(n)ca na alas Gresik,
ti kidul gunung Rajuna
Ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
ngalalar ka Patukangan,
datang ka Rabut Wahangan,
815 leu(m)pang aing nyangwetankeun.
La(m)bung gunung Mahameru,
disorang kalereunana.
Datang ka gunung B(e)rahma,
datang aing ka Kadiran,
820 ka Tandes ka Ranobawa.
leu(m)pang aing ngaler ngetan
Sacu(n)duk aing ka Dingding,
eta hulu dewaguru.
Samu(ng)kur aing ti (i)nya,
825 datang ka Panca Nagara.
Sacu(n)duk aing ka Sampang,
sanepi aing ka Ge(n)ding,
meu(n)tas di Cirabut-wahangan.
Sadatang aing ka Lesan,
830 inya lurah / Pajarakan, /15v/
leu(m)pang aing ngidul ngetan,
ngalalar ka Kaman Kuning,
ngalalar ka gunung Hiang,
disorang kalereunana.
835 Sadatang ka gunung Arum,
na lurah Talaga Wurung,
ti kalerna Panarukan,
ka kencana Patukangan.
- 840 Sadatang ka Balungbungan,
di inya aing ditapa,
sa(m)bian ngeureunan palay.
Teher(ing) m(e)rela(k) najur,
tehering na(n)jeurkeun li(ng)ga,
tehering puja nyangraha,
845 puja nyapu mugu-mugu,
ma(ng)nya(m)bat-walakeun maneh.
Di (i)nya aing teu heubeul,
satahun deung sataraban.
Teka waya na bancana.
850 Datang tiagi (wa)don,
na rua mamarayaeun.
Teka beka mulung lanceuk,
carekna: 'Kaka lanceuking,
Rakaki Bujangga Manik,
855 haup aing ebon-ebon,
aing na pitiagieun,
manan hese ku mamaneh,
rusuh ku na panga/wakan, /16r/
heman ku na karuaan'.
860 Carekna Bujan(ga) Manik:
'Ku ngaing dirarasakeun.
Bawaing apus sata(m)bi,
Ngaran(n)a na Siksaguru.
Carek di na apus tea:
865 "Kadiangganing ring geni,
lamun padeukeut deung eu(n)juk,
mu(ng)ku burung eta seungeut,
kitu lanang deungeun wadon".'
Sadiri aing ti inya,
870 leu(m)pang aing ka-lautkeun,
sugan aya nu balayar,
aing dek nu(m)pang ka Bali.
Sadatang aing ka laut,
kumuliling turut tasik,
875 kumacacang turut tancang,
nanyakeun nu dek ka Bali.
Momogana teka waya.
Kasa(m)pak aki puhawang,
na puhawang Selabatang,
880 dek meu(n)tas ka nusa Bali,
dek tuluy layar ka Bangka.
Aing dek nu(m)pang ka Bali.
Saurna Bujangga Manik
Rakean Ameng Layaran:
885 'Akiing juru puhawang,
aing dek nu(m)pang ka Bali.
Lamuning datang ka inya,
aya pangerahan a/ing.' / 16v/
Carek aki Selabatang:

- 890 'Lamun hayang nu dek meu(n)tas,
sui dipawalangati.
U(ng)gah onam ka parahu,
tu(m)pak di na jurung pangkuh,
deuuk di gagarebongan.'
- 895 Saa(ng)geus u(ng)gah ka
ma(ng)gung [parahu]
bogoh ku tawas [tawas] parahu.
Parahu jati diukir,
ka luhur dinanagakeun,
teka be(n)tik ti kamudi.
- 900 Bogoh aing ku parahu.
Ra(m)pes beunang ngadandangan,
mibabahon awi go(m)bong,
mitihang awi nyowana,
mipanggiling haur kuning,
- 905 misare kawung cawene,
midada(m)par haur seah.
Kamudi kamudi Keling.
[ms. k. kamuning K.]
Tihang layar kayu laka,
hurung beunangna ngahi(ng)gul,
- 910 siang beunang ngaj(e)rinang.
Apus dangdan hoe muka,
pabaur hoe walatung,
diselang deung hoe omas.
Tali bubut kenur Cina.
- 915 Carenang dayung na eu(n)teung,
dayung salawe salaya.
Beuteung reueus ku sa/kitu, /17r/
bogoh ku nu mawa inya,
bibijilan para nusa.
- 920 Nu badayung urang Marus,
nu babose urang Angke,
nu balayar urang Bangka,
juru batu urang Lampung,
juru mudi urang Jambri,
- 925 juru wedil urang Bali,
juru panah urang Cina,
juru tuiup ti Malayu,
juru amuk ti Sale(m)bu,
pamerang urang Makasar,
- 930 juru kilat urang Pasay,
nu ni(m)ba jo(m)pong sagala,
pani(m)ba u(n)dem salaka.
Putih kajang pucuk nipah,
langgang tihang pakajangan.
- 935 Na layar ma(n)je(r) ke(m)bang,
hir na angin bar na layar.
Masang wedil tujuh kali,
[t.wedel] sarunay dipikingkila,
ing na goong brang na gangsa,
940 goong kuning tumalapung,
kingkila nu bikas layar.
Seah na ge(n)dang sarunay,
seok nu kawih tarahan,
nu kawih a(m)bah-a(m)bahan:
- 945 Ba(n)tar kali buar pelang.'
Buat di manggung parahu,
balayar taraban poyan.
Sadatang ka nusa Ba / li, / 17v/
saurna Bujangga Manik:
- 950 'Akiing juru puhawang,
eboh midua rahayu,
e(boh) ta urang papasah.
Dahini kaen aing,
pangwidian aing.
- 955 Eboh midua rahayu,
kita ma ma(ng)gih k(e)reta,
awaking ma(ng)gih rahayu.'
Carek aki Selabatang:
'Samapun mahapa(n)dita,
960 kami nema pangwidian.
Samapun mahapa(n)dita,
ra(m)pes nu sapilaunan.'
Saa(ng)geus nyaur sakitu,
sia turun ti parahu.
- 965 Sacu(n)duk sia ka dayeuh,
ti inya lunasing usma.
Moha teuing nu ti heula,
teka sarua reana,
na lanang deungeun na wadon.
- 970 Hidepeng karah mo waya,
ja dini di tengah nusa,
gumanti leuleuwih oman, [read
onam?]
rea ma(na)n urang Jawa,
ti(m)bun manan di Malayu.
- 975 Di (i)nya aing teu heubeul,
satahun deung sataraban.
Pulang deui ka uniting.
Sacu(n)duk ka si/si laut, /18r/
kasa(m)pak aki puhawang,
980 puhawang Belasagara,
dek balayar ka Pale(rn)bang,
dek tuluy ka Parayaman.
Saurna Bujangga Manik
Rakean Ameng Layaran:
- 985 'Akung juru puhawang,
aing dek nu(m)pang di kita,
dek si(n)dang di Balungbungan'.
Carek akiing puhawang:

- 990 'Lamun puguh nu dek nu(m)pang,
ulah dipiwalangati.
Ra(m)pes geura ka parahu.'
Sau(ng)gah aing ka manggung,
deuuk di gagarebongan.
Bogoh ku tawas parahu.
- 995 Parahu patina ageung,
jong kapal buka dalapan,
pa(n)jangna salawe deupa.
Sadiri ti nusa Bali,
saur puhawang sakini:
- 1000 'Boncah, pariket pariket.
Parahu rea buatna.
Sugan ni(n)dih mu(ng)kal ma(n)di,
sugan mangpeng karang bepeng,
sugan ni(ng)gang karang bajra,
- 1005 sugan nebu(k) karang nu(ng)gul,
sugan no(n)jo(k) karang ancol, /18v/
Sugan meubeut karang seukeut,
karunya ku na tohaan,
rakaki Bujangga Manik,
- 1010 kakara numpang di urang.'
Balayar sapoe rengrep.
Sacu(n)duk ka Balungbungan,
saurna Bujangga Manik:
'Aiding juru puhawang,
- 1015 eboh ta urang papasah,
eboh midua rahayu.'
Carekna aki puhawang:
'Samapun mahapa(n)dita,
ra(m)pes nu sapilaunan.'
- 1020 Saturun ti na jong tutup,
diri aing ti parahu.
Sacu(n)duk ka gunung Raung,
ka lurah Talaga Wurung.
Samu(ng)kur aing ti inya,
- 1025 sacu(n)duk aing ka Baru.
Eta na lurah kategan.
Sadiri aing ti inya,
ngalalar ka Padang Alun,
cu(n)duk ka gunung Watangan,
- 1030 nu awas ka nusa Barong.
Samu(ng)kur aing ti inya,
datang aing ka Sarampon.
Sacu(n)duk aing ka Cakru,
sadiri aing / ti inya, /19r/
- 1035 leu(m)pang aing marat ngidul,
datang ka lurah Kenep,
cu(n)duk ka Lamajang Kidul,
ngalalar ka gunung Hiang,
datang a(ing) ka Padra.
- 1040 La(m)bung gunung Mahameru
disorang kiduleunana.
Sadatang ka Ranobawa,
ngalalar ka Kayu Taji.
Samu(ng)kur aing ti inya,
- 1045 sacu(n)duk aing ka Kukub,
datang aing ka Kasturi,
cu(n)duk ka Sagara Dalem,
ngalalar ka Kagenengan,
sumengka ka gunung Kawi,
- 1050 disorang kiduleunana.
Sadatang ka Pamijahan,
leu(m)pang aing ka-baratkeun,
ngalalar ka gunung Anyar,
cu(n)duk aing ka Daliring.
- 1055 Sadatang ka gunung Ka(m)puh,
datang ka Rabut Pasajen.
Eta hulu Rabut Palah,
kabuyutan Majapahit,
nu dise(m)bah ku na Jawa.
- 1060 Maca (a)jing Darmaweya,
pahi deung Pa(n)dawa Jaya.
Ti inya lunasing jobrah,
aing bisa carek Jawa,
bisa / aing ngaro basa. /19v/
- 1065 Di inya aing teu heubeul,
satahun deung sataraban.
Ha(n)teu betah kage(n)teran,
datang nu puja ngancana,
nu nye(m)bah ha(n)teu pegatna,
- 1070 nu ngideran ti nagara.
Leu(m)pang aing marat ngidul,
nepi aing ka Waliring,
ngalalaring ka Polaman,
datang aing ka Balitar,
- 1075 meu(n)tas [aing] di Cironabaya,
ngalalar ka Pasepahan,
ka Luka ka Saput Talun.
Sadatang [datang] ka Pajadangan,
[ms. abrat]
ngalalar[ing] ka Kalang Abrit.
- 1080 Sacu(n)duk ka Pasugihan,
di pipirna gunung Wilis,
ku ngaing tebeh kidulna,
datang aing ka Dawuhan,
ngalalar ka gunung Lawu,
- 1085 inya na lurah Urawan.
Samu(ng)kur aing ti inya,
leu(m)pang aing marat ngidul,
ngalalar ka Pamanikan.
Sadatang ka Sida Lepas,

- 1090 nya(ng)landeuh aing ka Oyong.
Samu(ng)kur aing ti inya,
datang aing ka Ca(m)paga/n, /20r/,
ngalalar ka Pamaguhan.
Sacu(n)duk aing ka Pahul,
- 1095 samu(ng)kur aing ti inya/
datang (a)ing ka Caturan.
Sacu(n)duk aing ka Roma,
meu(n)tasing di Ciwuluyu,
inya na lurah Bobodo,
- 1100 ngalalar aing ka Taji [ka Taji],
nepi ka gunung Marapi,
disorang kiduleunana,
cu(n)duk aing ka Janawi,
eta lurah dewaguru.
- 1105 Leu(m)pang aing marat ngidul.
Sanepi aing ka Wedi,
ngalalar ka Singhapura.
Sadatang aing ka Maram,
meu(n)tas aing di Ciberang,
- 1110 datang ka lurah Paguhan,
ngalalar ka Kahuripan,
ka gedengna Rabut Beser,
meu(n)tas di Ciloh-paraga.
Sanepi aing ka Pahit,
- 1115 sadatang ka Taal Pegat,
nepi aing ka Kulisi,
meu(n)tas di Ciwatukura,
ngalalar ka Pakuwukan.
Sacu(n)duk ka lurah Danuh,
- 1120 datang aing ka Lanabang,
ka Jawarah [ka] Tadah Haji,
ka Tarungtung / ka Walakung.
/20v/
Sadatang(ing?) ka Kalangan,
sanepi ka Pamarisan,
- 1125 datang aing ka Ta(m)bangan,
meu(n)tas aing di Cilohku,
na(n)jak ka gunung Sangkuan,
datanging ka (A)dipala,
leu(m)pang (aing) ka-baratkeun,
- 1130 datang aing ka Sawangan,
ka muhara Cisarayu.
Ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
datang ka Ma(n)dala Ayah,
leu(m)pang aing turut pasir,
- 1135 datang ka Pala Buaja.
mu(ng)kur ti Tegal Popoken.
Sadatang ka Karang Siling,
meu(n)tas di Cipaterangan.
Sadatang aing ka Mambeng,
- 1140 cu(n)duk ka Dona Kalicung,
gedeng alas Nusahe,
meu(n)tas di Sagaranak(an),
ngalalar ka Batu Lawang,
di pipirna batu tulis,
- 1145 karang tu(ng)gul karang bajra.
Sacu(n)duk aing ka Bakur,
ka muhara Cita(n)duyan,
ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
datang aing ka Cimedang,
- 1150 meu(n)tas di Cikutrapi(ng)gan,
cu(n)duk aing ka Pana(n)jung,
ka gedeng nusa / Wuluhen, /21r/
meu(n)tas aing di Ciwulan,
banyating di Ciloh-alit,
- 1155 na muhara Pasuketan,
ta(ng)geran na Hujung Pusus.
Ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
ka to(ng)go(ng)na gunung
Co(n)dong, di pipi(r) gunung Parasi,
- 1160 ku ngaing tebeh kidulna.
Sacu(n)duk ka Hujung Galuh,
ngalalar ka Geger Gadung,
meu(n)tas aing di Ciwulan,
leu(m)pang aing marat ngaler.
- 1165 Sadatang ka Saung Galah,
[ms. S. Agung]
sadiri aing ti inya,
Saung Galah kaleu(m)pangan,
kapungkur gunung Galunggung,
katukang na Panggarangan,
- 1170 ngalalar na Pada Beunghar,
katukang na Pamipiran.
Ngalalar ka Ti(m)bang Jaya,
datang ka bukit Cikuray,
nyangla(n)deuh aing ti inya,
- 1175 datang ka Mandala Puntang.
Sana(n)jak ka Papa(n)dayan,
ngaran(n)a na Pane(n)joan,
ti inya aing ne(n)jo gunung,
dereja (?) dangka ri kabeh,
- 1180 para manuh para dangka,
pani(ng)gal Nusia Larang.
Aingmilang-melangi/nya, /21v/
Ti kidul na alas Danuh,
ti wetan na' Karang Papak,
- 1185 ti kulon Tanah Balawong,
Itu ta na gunung Agung,
ta(ng)geran na Pager Wesi.
Eta na bukit Patuha,
ta(ng)geran na Majapura.


- 1190 Itu bukit Pam(e)rehan,
ta(ng)geran na Pasir Batang.
Itu ta na gunung Kumbang,
ta(ng)geran alas Maruyung,
ti kaler alas Losari,
- 1195 Itu ta bukit Caremay,
tanggeran na Pada Beunghar,
ti kidul alas Kuningan,
ti barat na Walangg Suji,
inya na lurah Talaga.
- 1200 Itu ta na To(m)po Omas,
lurah Medang Kahiangan.
Itu Tangkuban Parahu,
tanggeran na Gunung Wangi.
Itu ta gunung Marucung,
- 1205 ta(ng)geran na Sri Manggala.
Itu ta bukit Burangrang,
ta(ng)geran na Saung Agung.
Itu (ta na) bukit Burung Jawa,
ta(ng)geran na Hujung Barat.
- 1210 Itu ta bukit Bulistir,
ta(ng)geran na Gu(n)ung A(n)ten.
/22r/
Itu bukit Naragati,
ta(ng)geran na Batu Hiang.
Itu ta na bukit Barang,
- 1215 ta(ng)geran na [alas] Kurung Batu.
Itu bukit Banasraya,
ta(ng)geran na alas Sajra,
ti barat bukit Kosala.
Itu ta na bukit Catih,
- 1220 ta(ng)geran na Catih Hiang.
Itu bukit Hulu Mu(n)ding,
ta(ng)geran na Demaraja,
ti barat bukit Parasi,
ta(ng)geran na Tegal Lubu,
- 1225 ti wetan na Sedanura,
nu awas ka alas Si(n?)day.
Eta ta na gunung Kembang,
geusan tiagi sagala,
ti kidul na alas Maja,
- 1230 eta na alas Rumbia.
Ti barat na wates Mener,
ta(ng)geran na Bojong Wangi.
Itu ta na gunung Hijur,
ta(ng)geran na Kujar Jaya.
- 1235 Itu ta na gunung Su(n)da,
ta(ng)geran na Karangkiang.
Itu ta na bukit Karang,
ta(ng)geran na alas Karang.
Itu gunung Cinta Manik,
- 1240 ta(ng)geran na alas Rawa.
itu ta / na gunung Kembang, /22v/
ta(ng)geran Labuhan Ratu.
Ti kaler alas Panyawung,
ta(ng)geran na alas Wa(n)ten.
- 1245 Itu ta na gunung (. .)ler,
ta(ng)geran alas Pamekser,
nu awas ka Ta(n)jak Barat.
Itu ta pulo Sanghiang,
heuleut-heuleut nusa Lampung,
- 1250 Ti timur pulo Tampurung,
ti barat pulo Rakata,
gunung di tengah sagara.
Itu ta gunung J(e)reding,
ta(ng)geran na alas Mirah,
- 1255 ti barat na lengkong Gowong.
Itu ta gunung Sudara,
na gunung Guha Ba(n)tayan,
tanggeran na Hujung Kulan,
ti barat bukit Cawiri.
- 1260 Itu ta na gunung Raksa,
gunung Sri Mahapawitra,
ta(ng)geran na Panahitan,
ti wetan na Suka Darma,
ti barat na gunung Manik.
- 1265 Awas ka nusa Kambangan,
nusa Layaran
nusa Di/lih nusa Bini, /23r/
nusa Keling nusa Jambri,
nusa Cina Ja(m)budipa,
- 1270 nusa Gedah deung Malaka,
nusa Ba(n)dan Ta(n)ju(ng)pura,
Sakampung deung nusa Lampung,
nusa Baluk nusa Buwun,
nusa Cempa Baniaga,
- 1275 Langkabo deung nusa Solot,
nusa Parayaman. //O//
Beuteung bogoh ku sakitu,
saa(ng)geusing milang gunung,
saleu(m)pang ti Pane(n)joan,
- 1280 sacu(n)duk ka gunung Se(m)bung,
eta hulu na Citarum,
di inya aing ditapa,
sa(m)bian ngeureunan palay.
Tehering puja nyangraha,
- 1285 puja (nya)pu mugu-mugu.
Tehering na(n)jeurkeun li(ng)ga,
tehering nyian hareca,
teher nyian sakakala.
Ini tu(n)jukeun sakalih,
- 1290 tu(n)jukeun ku na pa(n)deuri,

- maring aing pa(n)teg hanca.
A(ng)geus aing puja nyapu,
linyih beunang aing nyapu,
[ms. linyeh]
ku/macacang diburuan, /23v/
1295 nguliling asup ka wangun,
ngadungkuk di palu(ng)guhan,
disiwi teher samadi. [ms. dibiwi]
Ku ngaing dirarasakeun,
ku ngaing dititineungkeun,
1300 beunang aing adu angka,
nu mangka kasorang tineung.
Ku ngaing dipajar inya
langgeng tita deung purusa,
nya mana kasorang tineung.
1305 Kena kitu nu ti heula,
guna sang mahapandita,
nu bisa mu(n)cakan tapa,
milih miji di sarira,
ngawastu rasa wisesa,
1310 nurutkeun sakaja(n)tenna,
ha(n)teu kabawa ku warna,
atos ward alot rasa,
laksana mahapurusa,
nya mana pam(i)yaktaan. [ms. nyu]
1315 A(ng)geus ngudian sarira,
rakaki Bujangga Manik
ngaler ngidul marat nimur,
di tengah kapala cakra,
nyiar pigeusaneun matuh,
1320 nyiar lemah pamutian,
nyiar cai / pamorocoan, /24r/
pigeusaneun aing paeh,
pigeusaneun nu(n)da raga.
Di (i)nya aing teu heubeul,
1325 satahun deung sataraban.
Meding katepi ku are,
datang nu ti lala(n)deuhan,
Meding waya na bancana.
Sadiri aing ta inya,
1330 leu(m)pang aing ngaler barat.
Tehering milangan gunung:
itu ta bukit Karesi,
itu ta bukit Langlayang,
ti barat na Palasari.
1335 Ngalalar ka bukit Pala.
Sadatang ka kabuyutan,
meu(n)tas di Cisaunggalah,
leu(m)pang aing ka-baratkeun,
datang ka bukit Pategeng,
1340 sakakala Sang Kuriang,
masa dek nyitu Citarum,
burung te(m)bey kasiangan.
Ku ngaing geus kaleu(m)pangan,
meu(n)tas aing di Cihea,
1345 meu(n)tas aing di Cisokan,
datang ka lurah Pamengker.
Cu(n)duk aing ka Mananggul,
ngalalar ka Li(ng)ga Lemah.
Tuluy datang ka E/ronan, /24v/
1350 na(n)jak ka Le(m)bu Hambalang.
Sadatang ka bukit Ageung,
eta hulu Cihaliwung,
kabuyutan ti Pakuan,
sanghiang Talaga Warna: //0//
1355 'Euh, kumaha awaking ini!
Mu(ng)ku nyorang tulus datang,
ngahusir ka i(n)dung bapa,
ngahusir ka pa(ng)guruan!
Awaki(ng) ka Hujung Kulan,
1360 ja rea hadanganana.
Leu(m)pang aing nyangkidulkeun,
ngahusir bukit Bulistir.
Eta hulu Cimari(n)jung,
sakakala Patanjala,
1365 ma(n)ten burung ngadeg ratu.
Di (i)nya aing teu heubeul,
satahun deung sataraban.
Meding katepi ku are,
datang nu ti lala(n)deuhan,
1370 meding waya na bancana.
Sadiri aing ti inya,
leu(m)pang aing ngidul wetan,
meu(n)tasing di Cimari(n)jung,
meu(n)tasing di Cihadea,
1375 meu(n)tasing di Cicarengcang, /25v/
meu(n)tas aing di Cisanti.
Sana(n)jak ka gunung Wayang,
sadiri aing ti inya,
cu(n)duk ka Mandala Beutung,
1380 ngalalar ka Mulah Beunghar,
nyanglandeuh ka Tigal Luar,
katukang bukit Malabar,
kagedeng bukit Bajoge.
Sacu(n)duk ka gunung Gu(n)tur,
1385 ti wetan Mandala Wangi,
nu awas ka gunung Ke(n)dan,
ngalalar ka Jampang Manggung.
Sadatang ka Mulah Mada,
ngalalar ka Tapak Ratu,
1390 datang ka bukit Patuha,
ka sanghiang Ranca Goda.

- Dipunar dijian batur,
kapuruyan ku mandala.
Di inya aing teu heubeul,
1395 satahun deung sataraban.
Sadiri aing [ti i] ti inya,
sacu(n)duk ka gunung Ratu,
sanghiang Karang Carengcang.
Eta hulu na Cisokan,
1400 la(n)deuhan bukit Patuha,
heuleut-heuleut Li(ng)ga Payung,
nu / awas ka Krete Haji. /25v/
Momogana teka waya:
neumu lemah kabuyutan,
1405 na lemah ngali(ng)ga manik,
teherna dek sri ma(ng)liput,
ser manggung ngali(ng)ga payung,
nyanghareup na Bahu Mitra.
Ku ngaing geus dibabakan,
1410 dibalay diu(n)dak-u(n)dak,
dibalay sakulili(ng)na,
ti ha(n)dap ku mu(ng)kal datar,
ser manggung ku mu(ng)kal bener,
ti luhur ku batu putih,
1415 diawuran manik asra.
Carenang heuleut-heuleutna,
Wangun tujuh guna aing,
padangan deung pakayunan,
deungan la(m)bur pameupeuhan,
1420 roma hiang patengtongan.
La(m)bur ta dua ngadengdeng.
Taman mihapitkeun dora,
tajur eukeur ngara(m)pesan,
eukeur dek sereng dibuah.
1425 na keke(m)bangan sariang.
Na wangun teu acan bobo,
balay ha(n)teu / acan urug / 0 / 26r /
Sate(m)bey datang ka masa,
datang ka ukur-ukuran,
1430 ditapa salapan tahun,
kasapuluh pa(n)teg ha(n)ca.
Awak eukeur beurat pading,
eukeur meujeuh ngara(m)pesan.
Lamun bulan lagu tilem,
1435 panon poe lagu surup,
beurang kasedek ku wengi,
tutug tahun pa(n)teg hanca,
nu pati di walang suji,
nu hilang di walang sanga,
1440 awak nya(m)pay ka na balay,
mikarang hulu gege(n?)dis,
paeh nyanghulu ka lancan.
- Pati aing ha(n)teu gering,
hilang tanpa sangkan lara,
1445 mecat sakeng kamoksahan.
Diri na ad wisesa,
mangkat na sarira ageung,
ngaloglog a(ng)geus nu poroc.
Atma mecat ti pasa(m)bung,
1450 ad mecat ti na atma,
pahi masah kaleu(m)pangan. /
/26v/
Ragaing nyurup ka petra,
kaliwara jadi dewa,
pasa(m)bung nyurup ka suwung.
1455 Atmaing dalit ka lentik,
sarua deungeun dewata.
Tuluy nyorang jalan caang,
neumu jalan gede bongbong.
U(ng)gal sa(m)pang dila(m)buran,
1460 laun lebak dicukangan,
sumaray ditata(ngga)an,
malereng dipasigaran.
Tapak sapu beres keneh,
bare(n)tik marat nimurkeun.
1465 Golang-golang situ mu(ng)kal,
patali patalu(m)bukan.
Ke(m)bang patah cumare(n)tam,
nambuluk apuy-apuyan,
Tajur pinang pumarasi,
1470 pinang tiwi pinang ading,
pinang tiwi kumarasi,
pinang ading asri kuning.
Di tengah bantar ngajajar,
ha(n)juang sasipat mata,
1475 ha(n)deuleum salaput hulu,
ha(n)dong bang deung ha/ (ndong)
.....
.....
1501 '(ha)/at di janma sajabat, / 28v?/
biha(ri) basa ngahanan,
masa di madiapada?'
Rakaki Bujangga Manik
1505 ngarasa maneh ditanya.
Umun teher sia nyebut,
ne(m)balan sakayogyana,
nyarek sakaangen-angen, [ms. se-]
nembalan sang Dorakala:
1510 'Mumul ma(ng)nyarekkeun maneh,
sugan bener jadi belot,
sugan ra(m)pes jadi gopel,
sugan so(r)ga jadi papa,
sugan pangrasa ku dapet,

- 1515 sugan pangrasa ku te(m)bey,
[ms. -biy]
Mumul misaksi na janma,
pangeusi buana ini,
janma di madiapada.
Sariwu saratus tu(ng)gal,
- 1520 kilang sahiji mo waya,
janma nu teteg di carek.
Rea nu papa naraka,
kilang dewata kapapas,
ku ngaing dipajar renyeh,
- 1525 ja daek milu ngahuru, / /29r/
ja daek dibaana salah,
ku nu dusta jurujana.
Kucawali he(ng)gan hiji:
saksiing sanghiang beurang,
- 1530 saksiing sanghiang peuting,
candra wulan deungeun we(n)tang,
deungeun (sang)hiang pratiwi.
Itu nu ngingu mireungeuh:
pratiwi nu leuwih ilik,
- 1535 akasa nu liwat awas,
hidep nu nyaho di bener.
Inya nu ngingetkeun rasa,
itu nu ngingu na bayu,
eta nu milala sabda,
- 1540 inya nu mireungeuh tineung,
nu milala tua(h) janma,
bisa di belot di bener, [ms. bener]
nyaho di gopel di ra(m)pes.
He(ng)gan sakitu saksitng.'
- 1545 Carek aki Dorakala:
'Samapun sanghiang atma.
Mu(ng)ku aing mirebutan,
[ms. -rehut-]
ja na rua mu(ng)ku samar.
Na awak herang ngale(ng)gang,
- 1550 na rua diga dewata,
kadi asra kadi manik.
Na awak mum ti candu,
mahabara ti candana, / /29v/
amis ti kulit rnasui.
- 1555 Kitu pamulu nu bener,
eta na ki(ng)kila so(r)ga.
Samapun sanghiang atma,
rakaki Bujangga Manik,
leu(m)pang sakarajeun-rajeun,
- 1560 sia ka na kaso(r)gaan.
Samu(ng)kur aing ti inya,
leu(m)pang na(n)jak
nyangto(ng)gohkeun,
- husir keh na taman herang,
dibalay ku p(e)ramata.
- 1565 Pa(n)curan ta(m)baga sukia,
cangkorah salaka pirak,
ditungtung ku cudiga,
pesek dipopokan omas,
panyi(m)beuh u(n)dem salaka.
- 1570 Ma(n)di ngabreseka maneh,
nu ma(n)di ngalaan kesang.
A(ng)geus ma sia nu ma(n)di,
ulah karatakeun teuing,
sia di na taman herang.
- 1575 Aya ra(m)pes na husireun:
husir la(m)bur ngurung jalan,
dilulurung beusi wulung,
diselang deung purasani,
dipaseuk ku beusi kebel,
- 1580 tihang gading beunang ukir,
tatapa / kan goong Jawa, / 30r /
dibalay ku kaca Cina,
diselang ku batu kresna,
.....
- 1585 diselang deungeun pramata,
mipainikul pirak apu,
dilayeusan ku aduan,
mihateup sirap ta(m)ba(ga),
mipamaras omas ngora,
- 1590 disarean ku panamar,
dipiwaton omas kolot,
diselang ku pirak apu,
dijeujeutan omas Cina,
diselang deung kawat Jawa.
- 1595 Eu(n)teun Jawa dipaheutkeun,
u(ng)gal tihang lambur eta.
Dinya paranti dihias,
memeh nyorang kasorgaan,
Di inya na pihaseun,
1600 naha ngaran(n)a ku ha(n)teu?
Eu(n)teung Jawa pinarada,
sisir gading batri ngukir,
paminyakan kaca Cina,
eusina lenga wangsana,
- 1605 kapur Barus di na cupu,
bunga resa di na juha,
dedes di na u(ng)keb gading,
candana mum sacupu,
pucuk / /30v
.....
- 1701/ tresna. /31v?/
Rakaki Bujangga Manik,
tuluy dirawu dipangku,

- diais dipagantikeun,
 1705 diu(ng)gahkeun ka sudangan,
 ti sudangan ka wangsana,
 wangsana carana gading,
 tu(m)pak di camara putih,
 camara lili(ng)ga omas,
 1710 dikikitiran ku mirah,
 diwe(n)tang-we(n)tang ku omas,
 dipuncakan manik[a] asra,
 dibalay ku mutenghara,
 diselang pramata mirah,
 1715 pramata ko(m)bala hi(n)ten,
 sarba e(n)dah sagala.
 Pakarang cacaritaan,
 Carita Darma Kancana,
 ti manggung kula(m)bu hurung,
 1720 ti ha(n)dap kulambu le(ng)gang,
 paheutna naga pateungteung,
 di tengah naga werati,
 ti handap naga paheu(m)pas,
 Werak ngigel di puncakna,
 1725 na sarba e(n)dah sagala,
 liwat na sarba mulia,
 atita amahabara,
 murug mu(n)car pakatonan,
 branang siang sarba warna,
 1730 gumilap luma / rap-larap. /32r/
- Sarua sekar pamaja,
 ruana sanghiang atma,
 diwereg ku tatabeuhan,
 goong ge(n)ding diba(n)dungkeun,
 1735 gangsa pabaur deung caning,
 tatabeuh(an) sareana,
 sanghiang pabura(n)caheun,
 gangsa rari dirindukeun,
 sa(m)peuran aluy-aluyan,
 1740 payung hapit sutra Keling,
 tunggul bungbang kiri kanan,
 lu(ng)sir putih ngaba(n)daleuy,
 unyut mungpung sama dulur,
 bitan ku(n)tul sri manglayang,
 1745 Payung lu(ng)sir puncak gading,
 payung ke(r)tas puncak omas,
 payung hateup sutra Keling,
 galewer parada Cina,
 na banteuleu ratna ureuy,
 1750 taluki ratna kancana,
 camara lili(ng)ga omas,
 tapok terong omas ngora,
 pu(n)cak mirah naga ra(n)tay,
 pajale ratna sumanger,
 1755 kilat padulur deung teja,
 diliung nu kuwung-kuwung,
 di i/(nya?) /32v/



Daftar Pustaka

Ekadjati, Edi S. 2005 (cet. II), *Kebudayaan Sunda 1: Suatu Pendekatan Sejarah*, Pustaka Jaya, Jakarta

----- 2005, *Kebudayaan Sunda 2: Zaman Padjadjaran*, Pustaka Jaya, Jakarta

Noorduyn, J 1984, *Perjalanan Bujangga Manik Menyusuri Tanah Jawa: Data Topografis dari Sumber Sunda Kuno*, terj. Iskandarwassid, Koninklijk Instituut voor Taal-, Land- en Volkenkunde dan Lembaga Ilmu Pengetahuan Indonesia

Noorduyn, J dan Teeuw, A. 2006, *Three Old Sundanese Poems*, KITLV, Leiden

Rosidi, Ajip 1973, "My Experiences in Recording 'Pantun Sunda'" dalam jurnal *Indonesia* No. 16, hal. 105-111, Cornell University

Sumardjo, Jakob 2000, *Filsafat Seni*, Penerbit ITB, Bandung

----- 2003, *Simbol-simbol Artefak Budaya Sunda: Tafsir-tafsir Pantun Sunda*, Kelir, Bandung

----- 2004, *Hermeneutika Sunda: Simbol-simbol Babad Pakuan/Guru Gantangan*, Kelir, Bandung

----- 2006, *Khazanah Pantun Sunda: Sebuah Interpretasi*, Kelir, Bandung

----- 2006, *Estetika Paradoks*, Sunan Ambu Press, Bandung